

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Métode Panalungtikan

Métode panalungtikan mangrupa cara ilmiah pikeun meunangkeun data, tur miboga udagan sarta miboga guna nu tangtu (Sugiyono, 2012, kc. 2).

Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode kualitatif. Nurutkeun Bogdan & Taylor (dina Moleong, 1989, kc. 3), métodologi kualitatif mangrupa prosedur panalungtikan anu ngahasilkeun data déskriptif, nu ngawujud dina wangun tinulis atawa lisan nu dicangking ti manusa jeung paripolah anu bisa dititénan.

Dina métode kualitatif aya sababaraha pamarekan, nya éta inkuri naturalistik atawa alamiah, *etnografi, interaksionis simbolik, perspektif ke dalam, etnometodologi, fenomenologis, studi kasus, interpretatif, ekologis, jeung deskriptif* (Moleong, 1989, kc. 2).

Pamarekan nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta kualitatif étnografi. Nurutkeun Moleong (1989, kc. 10), pamarekan étnografi mangrupa studi nu nyoko kana kabudayaan. Sacara umum dina pamarekan étnografi mangrupa panalungtikan lapangan, sarta panalungtik ancrub langsung ka lapangan tuluy niténan hal-hal anu dijadikeun objék panalungtikan, pikeun dijadikeun data nu satulunya bakal dianalisis. Prak-prakan panalungtik ancrub langsung ka lapangan pikeun meunangkeun data dina ieu panalungtikan, dilaksanakeun lima kali. Mimiti observasi niténan kaayaan pupujian di Désa Tigahérang. Kadua observasi ka kantor Désa. Katilu ngadatangan narasumber pikeun meunangkeun informasi ngeunaan puisi pupujian. Kaopat ngumpulkeun téks-téks puisi pupujian. Kalima ngadatangan deui narasumber pikeun meunangkeun informasi anu kurang ngeunaan puisi pupujian di Désa Tigahérang. Sanggeus data kakumpulkeun, puisi pupujian di Désa Tigahérang tuluy dianalisis dumasar tiori strata norma Roman Ingarden tur nyoko kana sawangan Yus Rusyana.

Dina ieu panalungtikan ogé digunakeun métode déskriptif analitik. Métode deskriptif analitik dilaksanakeun ku cara ngadéskripsikeun fakta-fakta nu satulunya disusul ku analisis (Ratna, 2010, kc. 53). Métode déskriptif analitik dina

ieu panalungtikan miboga udagan pikeun ngadéskripsikeun jeung nganalisis puisi pupujian anu dicangking ti lapangan, nya éta pupujian anu aya Désa Tigahérang Kacamatan Rajadésa Kabupatén Ciamis.

3.2 Téhnik Panalungtikan

3.2.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik panalungtikan nya éta salasahiji tarékah anu dilakukeun kalayan ngagunakeun métode anu tangtu, sangkan udagan anu dipiharep dina hiji panalungtikan bisa kahontal (Sugiono, 2012, kc.25).

Dumasar kana éta pamadegan, dina ieu panalungtikan digunakeun téhnik studi pustaka, dokuméntasi, obsérvasi, jeung wawancara.

1) Téhnik Studi Pustaka

Téhnik studi pustaka digunakeun pikeun néangan informasi sumber-sumber tiori anu aya patalina jeung puisi pupujian. Dina ieu panalungtikan, panalungtik ngalengkepan informasi jeung data nu ngarajong kana objék panalungtikan, utamana ngeunaan tiori puisi pupujian jeung tiori analisis puisi dumasar *Strata Norma Roman Ingarden* (Pradopo, 2010, kc. 45), sedengkeun tiori pupujianana museur dumasar kana sawangan nu ditétélakeun ku Yus Rusyana (1971).

Téhnik studi pustaka nu dilakukeun pikeun néangan informasi di antarana ti Pabukon Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah UPI Bandung, Perpustakaan Universitas Pendidikan Indonesia Bandung, jeung Rumah Baca Buah Batu Bandung.

2) Téhnik Dokuméntasi

Téhnik dokuméntasi nya éta néangan data ngeunaan hal-hal nu mangrupa catetan, transkrip, buku, *surat kabar*, majalah, prasasti, notulén rapat, legger, agénda, jsb (Arikunto, 2010, kc. 274).

Data dokuméntasi dina ieu panalungtikan, mangrupa catetan téks-téks puisi pupujian anu kapanggih di Désa Tigahérang Kacamatan Rajadésa Kabupatén Ciamis.

3) Téhnik Obsérvasi

Hadi (dina Sugiyono, 2012, kc. 145) nétélakeun yén observasi mangrupa hiji proses nu kompleks nu disusun tina sababaraha proses biologis jeung psikologis. Bagian anu penting tina observasi nya eta *pengamatan* jeung ingetan.

Dina ngagunakeun téhnik observasi, leuwih éfektif dilengkepan ku format atawa *blangko* pengamatan pikeun dijadikeun instrumén (Arikunto, 2010, kc. 272).

Observasi dina ieu panalungtikan dilaksanakeun di sababaraha tempat jeung waktu nu béda-béda. Saperti ditétélakeun dina tabél ieu di handap.

Tabél 3.1
Observasi ka Lapangan

No.	Waktu	Tempat Observasi
1	03 November 2014	Pangajian ibu-ibu masjid Miftahul Huda Cikamuning
2	07 November 2014	Pasantron Barokatul Muthi
3	11 Desember 2014	Kantor Désa Tigahérang

4) Téhnik Wawancara

Wawancara digunakeun pikeun ngumpulkeun data sangkan nimukeun pasualan-pasualan anu rék ditalungtik, sarta nyosok jero ngeunaan hal-hal ngeunaan objék nu ditalungtik ti informan nu dijadikeun narasumber. (Sugiyono, 2010, kc. 231).

Aya tilu jenis wawancara, nya éta wawancara *terstruktur*, *semiterstruktur*, jeung teu *terstruktur* (Esterberg dina Sugiyono, 2012, kc. 233).

(1) Wawancara *Terstruktur*

Wawancara terstruktur digunakeun pikeun teknik ngumpulkeun data, saupama paalungtik geus mikanyaho kana informasi nu bakal kapanggih. Ku kituna, panalungtik geus nataharkeun pertanyaan-pertanyaan sacara tinulis. Tiap narasumber ditanya ku pertanyaan nu sarua, tuluy panalungtik nyatet jawabanana. Ku cara wawancara terstruktur, ngumpulkeun data bisa ti sababaraha narasumber pikeun bisa ngeuyeuban data.

(2) Wawancara Teu *Terstruktur*

Wawancara teu terstruktur nya éta wawancara nu sipatna bébas. panalungtik teu ngagunakeun padoman wawancara, nu disusun sacara sistematis tur lengkep.

Dina prak-prakanana wawancara, panalungtik can mikanyaho kana data nu bakal kapanggih.

(3) Wawancara *Semiterstruktur*

Wawancara semiterstruktur miboga udagan pikeun mikanyaho pasualan-pasualan sacara leuwih terbuka, di mana narasumber diwawancara nepikeun kamandangna, sarta idé-idéna. Dina ngalaksanakeun wawancara panalungtik kudu ngadéngékeun sacara leuwih taliti jeung nyatet hal-hal anu ditepikeun ku narasumber.

Téhnik wawancara nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta wawancara *semiterstruktur*. Aya sapuluh pertayaan nu ditataharkeun sacara sistematis pikeun nanya ka narasumber, nu satulunya aya pananya nu teu ditataharkeun, luyu jeung kontéks situasi jawaban ti narasumber ngeunaan puisi pupujian di Désa Tigahérang Kacamatan Rajadésa Kabupatén Ciamis.

Wawancara dina ieu panalungtikan, dilaksanakeun dina waktu nu béda-béda. Saperti dijéntrékeun dina tabél ieu di handap.

Tabél 3.2
Wawancara ka Lapangan

No.	Waktu	Narasumber
1	06 November 2014	1. Elin Herlina 2. Elah Nurfalah 3. Nani Nuryani
2	07 November 2014	4. Pipin Tajul Arifin
3	08 November 2014	5. Adiah 6. Ninin, S.Pd. 7. Siti Robi'ah, S.Pd.I.

3.2.2 Téknik Analisis Data

Analisis data nya éta prosés néangan jeung nyusun data sacara sistematis nu dicangking tina hasil wawancara, catetan lapangan, jeung bahan-bahan séjenna, nepi ka bisa dipikaharti tur éta pamanggih bisa ditepikeun ka balaréa. Analisis data dilaksanakeun ngaliwatan organisasai data, *penjabaran unit-unit, sintesis data*, nyusun pola, dipilih mana nu penting jeung nu bakal dipaluruh tur nyieun kacindekan (Bogdan dina Sugiyono, 2012, kc. 244).

Ieu panalungtikan ngagunakeun analisis data kualitatif nu sipatna induktif, nya éta nganalisis data nu kapanggih ti lapangan, tuluy dipilih data-data anu bakal

dijadikeun sampel panalungtikan. Prosésna dilaksanakeun saméméh ancrub ka lapangan jeung sanggeus di lapangan (Sugiyono, 2012, kc. 245).

Léngkah-léngkahna dijéntrékeun saperti ieu di handap.

1) Analisis Sameméh ka Lapangan

Analisis dilaksanakeun dumasar kana data sekundér, nya éta data anu digunakeun pikeun nangtukeun fokus panalungtikan. Ieu data sekunder sipatna masih *sementara* tur bakal robah saupama panalungtik ancrub ka lapangan.

Data sekundér anu aya dina ieu panalungtikan nya éta pupujian nu aya di Désa Tigahérang Kacamatan Rajadésa Kabupatén Ciamis.

2) Analisis Data di Lapangan (*Model Miles and Huberman*)

Analisis data dina panalungtikan kualitatif dilaksanakeun dina waktu lumangsungna ngumpulkeun data jeug sanggeus ngumpulkeun data dina periode nu tangtu.

Léngkah-léngkah dina nganalisis data di lapangan ngawengku: reduksi data, penyajian data, jeung nyieun kacindekan.

(1) Réduksi Data (*data reduction*)

Ku lantaran data nu kapanggih téh loba, mangka kudu dicatet kalayan taliti tur sacara wincik. Dina ieu hal, penting pisan ayana prosés reduksi data. Nu disebut réduksi data nya éta milih hal-hal pokok, fokus kana hal-hal anu penting, Néangan téma jeung polana. Ku kituna, saupama data geus diréduksi bakal gampang pikeun panalungtik dina meré gambaran sacara leuwih jéntré.

Prosés ngaréduksi data dina ieu panalungtikan dilaksanakeun ku cara milah-milah pupujian nu saluyu jeung papasinganana. Pupujian nu sakirana kurang nyumponan kana kriteria nu geus ditangtuken, mangka teu diasupkeun kana analisis pupujian.

(2) Penyajian Data (*data display*)

Penyajian data kacida pentingna, sangkan panalungtik leuwih gampang dina maham naon nu ditalungtikna. Tahap penyajian data dina ieu panalungtikan dijéntrékeun ngaliwatan analisis pupujian, kalayan dianalisis wangun jeung eusi dina puisi pupujian.

(3) Nyieun Kacindekan (*conclusion drawing/ verification*)

Léngkah sanggeus penyajian data nya éta nyieun kacindekan tina hasil panalungtikan. Ku ayana kacindekan téh bisa ngajawab rumusan masalah nu geus ditangtukeun saméméhna.

Kacindekan dina panalungtikan kualitatif mangrupa pamanggih anyar anu saméméhna can kungsi aya. Éta pamanggih téh mangrupa déskripsi atawa gambaran hiji objék sanggeus ditalungtik.

Kacindekan nu dijieu dina ieu panalungtikan mangrupa hasil pamungkas nu dicangking tina obsérvasi jeung analisis data kalayan sistematis.

3.3 Instrumén Panalungtikan

Instrumen panalungtikan téh nya éta alat/ fasilitas anu digunakuen pikeun ngumpulkeun data sangkan pagawéan leuwih gampang jeung hasilna leuwih hadé (Arikunto, 2010, kc. 2013).

Instrumén dina ieu panalungtikan nya éra mangrupa format obseravasi, pedoman wawancara, sarta média-média pangrojong pikeun ngadokuméntasikeun hasil panalungtikan, nya éta alat rékam sora, gambar jeung *video* (ha-pé, jeung *Camera-digytal*).

Format observasi digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina waktu *pengamatan* langsung di lapangan. Ieu di handap mangrupa tabél format observasi.

Tabél 3.3
Format Observasi

No.	Waktu	Tempat	Kagiatan	Narasumber

Pedoman wawancara digunakeun pikeun ngumpulkeun data ku cara nepungan langsung ka narasumber sacara nyosok jero. Ieu di handap mangrupa tabél pedoman wawancara.


Tabél 3.4
Pedoman Wawancara

No. Narasumber	:
Poé, Tanggal	:
Idéntitas Narasumber	
Wasta	:
Jenis Kelamin	:
Umur	:
Pakasaban	:
Jenjang atikan	:
Padumukan	:
Patarosan	
1.	Kumaha kaayaan puisi pupujian di Desa Tigahérang? Naha masih kénéh dipaké?
2.	Pupujian naon waé anu dipikanyaho ku Bapa/Ibu?
3.	Ti saha meunang éta pupujian?
4.	Saha waé nu sok nganadomkeun pupujian?
5.	Iraha waé nganadomkeun pupujian?
6.	Naon fungsi pupujian nu aya di Désa Tigahérang?
7.	Basa naon nu digunakeun dina éta pupujian?
8.	Naha pupujian téh diajarkeun henteu ka barudak atawa ka para nonoman nu aya di Désa Tigahérang?
9.	Kumaha nurutkeun Bapa/ Ibu, tarékah naon sangkan para nonoman jaman ayeuna apal kana pupujian?
10.	Kumaha kamandang Bapa/ Ibu ku ayana pangajaran pupujian di SMP kelas VII?

3.4 Désain Panalungtikan

Désain panalungtikan mangrupa bagan guluyuran tahap panalungtikan anu ngagambarkeun léngkah-léngkah panalungtikan. Désain panalungtikan nu dirarancang dina ieu panalungtikan digambarkeun dina bagan ieu di handap.

Bagan 3.1
Désain Panalungtikan



3.5 Data jeung Sumber Data

Data dina ieu panalungtikan nya éta puisi pupujian anu kapanggih di Désa Tigahérang. Data nu kapanggih aya 78 pupujian, sedengkeun nu dianalisis ngan saukur 20 pupujian. 20 pupujian nu dianalisis mangrupa puisi pupujian nu dianggap nyumponan jeung disaluyukeun pikeun bahan pangajaran di SMP Kelas VII.

Sumber data dina ieu panalungtikan dicangking ti sababaraha narasumber anu aya di sababaraha tempat di Désa Tigahérang, nya éta ti Dusun Cikamuning, Dusun Désa, jeung Dusun Cikalang.

3.5.1 Narasumber


Tabel 3.4
Data Narasumber

No.		Narasumber
1.		Wasta : Elin Herlina Umur : 32 taun Pakasaban : Tani Padumukan : Kampung Pasir Panjang Dsn. Cikalang Ds. Tigaherang
2.		Wasta : Elah Nurfalah Umur : 24 taun Pakasaban : Guru RA Padumukan : Kampung Lebak Jero Dsn. Cikamuning Ds. Tigaherang
3.		Wasta : Nani Nuryani Umur : 27 taun Pakasaban : Guru RA Padumukan : Kampung Lebak Jero Dsn. Cikamuning Ds. Tigaherang
4.		Wasta : Pipin Tajul Arifin Umur : 22 taun Pakasaban : Santri Padumukan : Kampung ebak Jero Dsn. Cikamuning Ds. Tigaherang
5.		Wasta : Adiah Umur : 43 taun Pakasaban : Tani Padumukan : Kampung Kubang Sari Dsn. Cikamuning Ds. Tigaherang
6.		Wasta : Ninin, S.Pd Umur : 52 taun Pakasaban : Guru SD Padumukan : Dusun Desa Desa Tigaherang
7.		Wasta : Siti Robi'ah, S.Pd.I Umur : 24 taun Pakasaban : Guru Agama Padumukan : Kampung Ciuyah Dsn. Desa Ds. Tigaherang

3.5.2 Lokasi Panalungtikan

Lokasi nu digunakeun dina ieu panalugtikan nya éta Désa Tigahérang. Désa Tigahérang mangrupa salahsiji Désa anu aya di Kacamatan Rajadésa Kabupatén Ciamis. Wates wilayah Désa Tigahérang nya éta:

- belah wétan : Désa Sukajaya
- belah kulon : Désa Nagarajaya
- belah kalér : Désa Selajambé
- belah kidul : Désa Purwaraja



Désa Tigahérang mangrupa Désa pangwates antara kabupatén Ciamis jeung kabupatén Kuningan. Luas wilayah Désa Tigahérang darat 660, 970 Ha, sawah 297, 720 Ha kebon: 238, 891 Ha, pekarangan 68, 590 Ha; Tegal 0 Ha; Hutan : 35 Ha; nu séjénnna 24, 579 Ha.

Wilayah administratif pemerintah Désa Tigahérang, jumlah dusun 4 nya éta dusun Sukamulya, Desa, Cikalong, jeung Cikamuning, jumlah RW 25 jumlah, RT 55. Kalayan jumlah penduduk 3.924 jiwa, lalaki 3038, awéwé 3021 jumlah 6059. Jumlah tingkat pendidikan, teu tamat SD = 1303 urang, SD = 4058 urang, SMP = 460 urang, SMA=168 urang, Diploma= 31 urang, sarjana= 49 urang.

3.6 Wangenan Operasional

Pikeun nytingkahan pamahaman séjén, di handap aya sawatara wangenan kecap-kecap anu dipaké dina ieu judul panalungtikan.

1) Puisi

Puisi téh nya éta wanda basa karangan anu rakitanana biasana mah pinuh ku wirahma, kauger ku wanguanna jeung ku diksina; lain dina ungkara kalimah cara dina basa sapopoé atawa cara wangun prosa (Iskandarwassid, 2010, kc. 118).

2) Pupujian

3) Bahan Pangajaran

Sumber pangajaran dihartikeun salaku sagala sumber bisa mangrupa data, jelema, atawa barang anu bisa dipaké ngarojong kagiatan diajar siswa (Rusman, 2009, kc. 130).

4) Aprésiasi Sastra

Apresiasi sastra adalah kegiatan menggauli karya sastra secara sungguh-sungguh sehingga menumbuhkan pengertian, penghargaan, kepekaan pikiran kritis, dan kepekaan perasaan yang baik terhadap karya sastra (S.Effendi dina Aminuddin, 2004, kc.35).

Aprésiasi sastra nya éta kagiatan maham, *menikmati, menghargai* jeung ngajén kana hiji karya sastra (Sumardjo & Saini K M, 1986 kc.173).